



Pou Piblikasyon Imedya: 29/04/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON YON DEVLOPMAN  
LOJMAN ABÒDAB KI GEN 101 INITE NAN KONTE WAYNE**

***Reyitilizasyon adaptatif faktori ak espas biwo istorik Reed Manufacturing  
Company ki koute 59 milyon dola reyabilite de bilding ki te vid depi lontan***

***Devlopman an resevwa sipò nan men prim Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil  
Transfòmatè Newark la***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman konstriksyon Coventry Commons, yon pwojè 59 milyon dola ki pral kreye 101 apatman abòdab nan ansyen faktori ak espas biwo istorik Reed Manufacturing Company nan vilaj Newark nan konte Wayne. Nan senk ane pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta Nouyòk la te kreye oswa prezève apeprè 400 lojman nan pri abòdab nan Konte Wayne. Coventry Commons kontinye efò sa a epi li enkli nan Plan Lojman pou senkan 25 milya dola Gouvènè Hochul la ki sou wout pou l kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a. Yo te kreye oswa konsève prèske 60,000 kay jiska dat.

"Solisyon pou kriz lojman kominote nou yo ap konfwonte se kreye plis lojman", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Coventry Commons pral fè sa ak plis ankò pou vilaj Newark la. Devlopman sa a pral transfòme yon sit istorik vid an 101 apatman abòdab, epi li se yon eleman enpòtan nan revitalizasyon kontinyèl koridò sant vil la. Pandan n ap fè efò pou devlope plis opòtinite lojman abòdab atravè eta a, nou rekonesan pou patenarya nou yo ak Kominote Pro-Lojman sètifye tankou Newark ki konprann valè investè nan lavni Nouyòk.

Konplèks istorik la, ki enskri nan Rejis Eta ak Nasyonal Plas Istorik yo, te vid depi 2005 epi li te devlope atravè yon antrepriz konjwen ak Housing Visions ak New CDM, LLC. Yo te rekonèt Reed Manufacturing nan tout peyi a pou pwodiksyon gwo veso emaye ki te popilè alafwa nan kay ak nan lopital yo. Sit la gen yon bilding faktori an brik twa etaj ki te bati an 1903 ki pral gen 96 apatman ak yon bilding biwoan brik ki gen de etaj ki pral gen senk apatman. Yo pral rezève tout apatman yo nan Coventry Commons pou fanmi ki touche jiska 80 pousan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) nan.

Plan Envestisman Estratejik Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi (Downtown Revitalization Initiative, DRI) Newark la sipòte devlopman Coventry Commons lan, ki gen pou objektif transfòme katye anba lavi yo an sant dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire devlopman, biznis, kreyasyon djòb, ak divèsite ekonomik ak lojman.

Konstriksyon Coventry Commons pral gen ladan tou amelyorasyon yon lakou rekreyasyon ki deja egziste sou plas. Rezidan yo ap gen aksè ak yon sal kondisyonman fizik, yon gwo espas depo, sal pou travay an komen ak Wi-Fi gratis nan tout konplèks la.

Devlopman ki fonksyone nèt ak elektrisite a, ki trè efikas nan domèn enèji, fèt pou satisfè estanda Inisyativ Enèji Pwòp pou Bilding ki Egziste yo ak Kominote Vèt Antrepriz yo, avèk mezi efikasite tankou konstriksyon ki pa kite lè pase, plant natif ki reziste kont sechrès, ak teknoloji ponp tèmik pou klimatizasyon lokal ak chofaj dlo cho domestik.

Finansman Eta pou Coventry Commons enkli Kredi Enpo Eta ak Federal sou Lojman (Low Income Housing Tax Credits) ki pral jenere 27.9 milyon dola nan fon pwòp; ak 10.7 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk la. Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) Eta Nouyòk la te fasilite itilizasyon Kredi Taks pou Reyabilitasyon Istorik Federal ak Eta (Federal and State Historic Rehabilitation Tax Credits) a ke yo estime k ap bay prèske 11.5 milyon dola nan fon pwòp pou pwojè a. Empire State Development te bay 2 milyon dola nan finansman Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi la. Devlopman an benefisye tou de plis pase 1.2 milyon dola nan Inisyativ Enèji Pwòp, yon patenarya ant HCR ak NYSERDA ki alinye devlopman ak prezèvasyon lojman abòdab ak tranzisyon abòdab ak jis Nouyòk la ak yon ekonomi enèji pwòp.

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk la, RuthAnne Visnauskas, te deklare** "Coventry Commons se yon bèl egzantp sou kijan nou ka adrese kriz lojman nan Nouyòk la lè nou transfòme pwopriyete istorik ki vid yo an kay dinamik ak abòdab. Pwojè 59 milyon dola sa a pa sèlman prezève yon pati nan istwa rich Newark la, men tou li kreye 101 apatman ki efikas an enèji pou fanmi k ap travay yo nan yon sant vil ki revitalize, sa ki ranfòse kominote a pou ane k ap vini yo. Mèsi Gouvènè Hochul pou sipò kontinyèl li anven devlopman ki amelyore abòdablite, transfòme katye yo epi prezève moso nan listwa Eta nou an."

**Sekretè Deta Nouyòk la, Walter T. Mosley, te deklare,** "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi la ap bay kominote yo yon nouvo lavi epi li ap ede adrese kriz lojman nan eta a atravè pwojè kreyatif tankou Coventry Commons. Yon fwa li fini, devlopman lojman abòdab sa a pral fè vilaj Newark la vin pi pre pou l reyalize vizyon li pou l vin yon kominote ki pi dinamik epi ki pi agreyab pou viv ladan l."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta Nouyòk la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), Doreen M. Harris, te deklare,** "Toupatou nan Eta Nouyòk, bilding ki gen plizyè syèk ap tann pou yo restore pou sèvi kominote yo nan yon nouvo fason, tankou

nou wè isit la nan vilaj Newark ak transfòmasyon ansyen faktori Reed Manufacturing Company a. Yo pral renove bilding istorik sa a avèk estanda konstriksyon dirab ak teknoloji efikasite modèn, pou bay sit vid sa a yon nouvo lavi epi kreye yon opsyon lojman pwòpak abòdab pou rezidan Konte Wayne yo."

**Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,**

"Investisman kontinyèl Gouvènè Hochul nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi la ap pote nouvo lavi nan kominote yo nan tout eta a. Transfòmasyon ansyen sit fabrikasyon sa a reflekte angajman administrasyon an pou prezève istwa Nouyòk pandan y ap bati avni li, atravè kreyasyon lojman abòdab, kwasans ekonomik ak nouvo opòtinite pou jenerasyon k ap vini yo."

**Komisè Enterimè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik nan Eta Nouyòk la, Randy Simon, te deklare,** "Lè yo itilize ankourajman tankou pwogram kredi taks pou reyabilitasyon istorik eta ak federal yo, kominote atravè eta a ap pwofite pwojè devlopman yo pou jenere pi gwo enpak pandan y ap kreye espas dinamik ak rekipere, Jwenn patnè pou kolabore sou inisyativ ki ede adrese bezwen tankou lojman abòdab ede fè plan sa yo tounen yon reyalite epi li gen yon enpak imedya sou lavi Nouyòkè yo. Nou onore pou nou fè pati efò sa yo."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Housing Visions, Ben Lockwood, te deklare,** "Housing Visions ak NEW CDM kontan asosye pou bay vilaj Newark la yon devlopman ki gen anpil enpak ki renouvle sa ki yon fwa te yon ansyen gwo resous an 101 apatman ki nan distans 3 minit mache ak Main Street la."

**Prezidan ak Direktè Devlopman Komèsyal NEW CDM, LLC, Christopher Pisanti ak Cory Bendekovic, te deklare,** "Sove bilding istorik sa a epi retilize li pou satisfè yon bezwen reyèl nan kominote a nan kè Coventry Commons depi premye jou a. Pwojè sa a prezève yon moso enpòtan nan pase Newark la tout pandan l ap kreye nouvo opòtinite pou avni li. Nou vrèman rekonesan pou sipò san parèy nou te resevwa a—pa sèlman nan men patnè eta ak lokal nou yo, ki pataje vizyon sa sit sa a ka vin tounen ankò, men tou nan men rezidan Newark yo, ke eksitasyon ak ankourajman yo te alimante efò sa a nan chak etap la."

**Majistra Vilaj Newark la, Jonathan Taylor, te deklare,** "Nou kontan anpil pou nou wè Pwojè Coventry Commons lan inogire. Newark bezwen lojman pou jèn pwofesyonèl ak moun ki ta renmen vyeyi an plas yo. Coventry Commons pral yon gwo pa nan direksyon pou satisfè bezwen lojman nan kominote nou an. Etablisman Reed Manufacturing lan te yon sant komèsyal ki te byen aktif yon lè, epi nou kontan wè revitalizasyon li epi retou enpòtans li nan vilaj nou an. Nou ta renmen remèsye Gouvènè a ak tout patnè yo k ap fè Coventry Commons tounen yon reyalite."

**Agenda Lojman Gouvènè Hochul la**

Gouvènè Hochul angaje l pou l abòde kriz lojman Nouyòk la epi fè eta a vin pi abòdab ak pi fasil pou tout Nouyòkè yo. Nan kad Bidjè Ane Fiskal 2025 la, Gouvènè a te jwenn

yon akò enpòtan pou ogmante rezèv lojman Nouyòk la atravè nouvo ankourajman taks pou kominote nan Nò Eta yo, nouvo ankourajman ak soulajman ki soti nan kèk restriksyon Eta enpoze pou kreye plis lojman nan Vil Nouyòk, yon fon kapital 500 milyon dola pou konstwi 15,000 nouvo kay sou pwopriyete eta a, yon lòt 600 milyon dola nan finansman pou sipòte yon varyete devlopman lojman nan tout eta a ak nouvo pwoteksyon pou lokatè pwopriyete yo.

Bidjè adopte ane fiskal 2025 la te ranfòse tou Pwogram Kominote ki an Favè Lojman (Pro-Housing Community Program) ke Gouvènè a te lanse an 2023. Sètifikasyon Kominote an Favè Lojman an se yon egzijans kounye a pou lokalite yo jwenn aksè ak jiska 650 milyon dola nan finansman opsyonèl. Jiska jodi a, gen plis pase 300 kominote ki te sètifye, ki enkli vilaj Newark.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)